

# Prepare pou premye jou lekòl la!

men sa pou fè avan 8 septanm 2022

## ❑ Fè yon egzamen medikal

Èske pitit ou a ap kòmanse lekòl oswa gadri pou premye fwa? Avan lekòl kòmanse, asire pitit ou a resevwa yon egzamen medikal konplè kay yon doktè, ke y ap dokimante nan Fòm egzamen sante pou timoun ak adolesan (Child and Adolescent Health Examination Form, **CH205**). Fòm sa a disponib pou telechaje nan [schools.nyc.gov/schoolhealth](https://schools.nyc.gov/schoolhealth).

## ❑ Pran vaksen ki obligatwa yo.

Lalwa sou sante piblik eta Nouyòk egzije pou elèv pran kèk vaksen pou yo ka ale nan gadri oswa lekòl. Avan ane lekòl la kòmanse, pitit ou a ta dwe resevwa tout vaksen ki obligatwa yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ki obligatwa yo nan [schools.nyc.gov/immunization](https://schools.nyc.gov/immunization). Nou rekòmande tou pou tout Nouyòkè mete yo ajou avèk vaksen COVID-19 yo, tankou boosters pou moun ki elijib yo. Ale nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele **877-829-4692** pou jwenn yon lokal ki bay vaksen tou pre w.

## ❑ Mete mas.

Nou ankouraje elèv yo anpil pou mete yon mas ki byen chita lè yo nan otobis lekòl ak lè yo nan anviwònman ki gen anpil moun, kèlkeswa sitiyasyon vaksen yo. Mas obligatwa nan kèk sikonstans, tankou lè w prale nan klinik enfimyè lekòl la oswa nan sal medikal la oswa si w gen sentom COVID-19 nan lekòl la. Kolekte mas pou pitit ou a mete! Ale nan [schools.nyc.gov/covid19](https://schools.nyc.gov/covid19) pou jwenn plis enfòmasyon sou regleman sou sekirite ak sante konsènan COVID-19 nan lekòl yo.

## ❑ Fè tès.

Nou ankouraje elèv yo fè tès lakay yo pou enfeksyon COVID-19 jou avan premye jou lekòl la avèk yon kit tès lakay oswa yon tès PCR yo founisè sante fè pou ede yo pwoteje kominote lekòl yo a kont pwopagasyon viris la.

# Prepare pou premye jou lekòl la!

## Mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou.

Ou ka mete enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou sou entènèt nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) ou a oswa ou ka ranpli fòm kontak nan ka ijans lekòl ou a bay la. Si w poko gen yon NYC Schools Account, ale nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA) pou konnen kijan pou kreye yonn.

## Fikse yon lè regilye pou ale kouche ak yon woutin nan maten avan jounen lekòl la.

Kòmanse kounye a pou bay timoun ou yo yon orè regilye pou dòmi. Apresa, kèk jou avan lekòl kòmanse, pratike woutin maten fanmi an ap atann lan, manje manje maten ak soti deyò a nan estasyon otobis ou a oswa estasyon tren an pou rive lekòl la alè.

## Rankontre avèk kowòdonatè paran lekòl ou a.

Kowòdonatè paran yo ka bay repons pou plizyè nan kesyon ak enkyetid ki gen rapò ak lekòl. Rele oswa vizite lekòl pitit ou ye a la pou jwenn enfòmasyon pou kontakte kowòdonatè paran an.

## Poze kowòdonatè paran an oswa direktè a kesyon sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

Lekòl ou a ka ba w sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis. Jwenn plis enfòmasyon nan men kowòdonatè paran an oswa direktè lekòl ou a, oswa ale sou [schools.nyc.gov/hello](https://schools.nyc.gov/hello) pou plis enfòmasyon. Pou jwenn sèvis entèpretasyon nan langaj siy ak jès pou bèbè/soud (sign-language, ASL), tanpri rele kowòdonatè paran lekòl ou a oswa imèl nan [OSLIS@schools.nyc.gov](mailto:OSLIS@schools.nyc.gov).

## Gade kalandriye kalandriye lekòl Vil Nouyòk pou ane 2022-23 a

Gade dat enpòtan yo epi jwenn dokiman ou ka enprime nan plizyè lang pou ane lekòl 2022-23 a nan [schools.nyc.gov/calendar](https://schools.nyc.gov/calendar)

Nou pa ka tann pou nou wè w nan premye jou lekòl la, ki se **jedi 8 septanm!**

